



Roosevelt Elementary School

1220 15th Street, West Palm Beach, Florida 33401
561.653.5100

Dr. Tanya McDowell, Principal **Kenisha Coates, Assistant Principal**

Chè Paran ak Gadyen,

Roosevelt Elementary angaje l pou l travay ak paran yo, anplwaye yo, ak fanmi yo pou asire chak elèv reyisi. Kontra Lekòl-Paran an dekri fason paran yo ak pwofesè yo kolabore pou satisfè bezwen akademik tout elèv k ap aprann yo. Tanpri revize Kontra Lekòl-Paran ak pitit ou a, siyen epi retounen pati anba a bay pwofesè pitit ou a Anvan 29 out 2025.

Ane lekòl 2025-2026 Tit I lekòl- paran kontra

Anplwaye ak staf lekòl Roosevelt Elementary a ap:

- Bay e pwomote yon anviwonman ki sen, ki sekirize e ki ap mennen ak yon aprantisaj ki fezab , kreye yon system sekirize pou rantre ak soti paran, vizitè , benevola pou kenbe lekòl la pwop san debri , san grafiti epi nan yon kondisyon kote tout paran byenvini e ankouraje pou patisipe.
- Bay yon bon kalite enstriksyon ki ka fe elèv yo pran yon gwo nivo
- Montre respè yo pou tout diferan kilti , tradisyon ak abitud lot elèv ak fanmi yo.
- Kominike byen e souvan ak lot elèv ak fanmi yo pa diferan metod
- Bay paran fomasyon , aktivite ak evenman lekòl la ki apwopriye e nesese pou ede paran ak elèv yo.
- Bay elèv yo aparèy teknoloji nesese pou patisipe nan lekòl an liy.
- Fasilite rankont ant pwofesè ak paran nan tan ki flexib
- Bay enstriksyon an liy chak jou pandan tan aprantisaj an liy yo

Paran ak fanmi nan lekòl Roosevelt Elementary a ap:

- Asire ke chak elev patisipe nan lekòl la an règleman , a tan , abiye nan règleman lekòl la e prepare pou aprann
- Fe devwa yo epi fe pwofesè yo konnen si gen yon pwoblem.
- Li avek timoun nan chak swa epi jere pwogram tele yap gade
- Patisipe nan fomasyon pou paran , aktivite ak lot evenman nan lekòl la.
- Fè benevola oubyen asiste lekòl la chak tan ou kapab oubyen posib , mande asistans si w bezwen.
- Toujou kontwole angajman timoun yo nan aprantisaj an liy la .

Elèv lekòl Roosevelt Elementary a ap:

- Vini lekòl la regilyèman , a tan e abiye korekteman e prepare
- Fè efo pou eksele nan tout devwa epi mande èd siw bezwen.
- Swiv règleman lekòl la e respekte tout granmoun nan lekòl la pandan lekòl an liy.
- Repote tout sitiyasyon danjere ak pwoblem yo bay yon staf oubyen yon administratè lekòl la.
- Pran fyète nan jan lekòl la ak kominotew pwop.
- Patisipe chak jou nan aprantisaj an liy

Sinyatiw anba a vle di ou dako avek kontran an lekòl la ak paran an. Koupe epi retounen l.

Pwofese _____ Dat _____

Paran /gadyen sinyati _____ Dat _____

Elev Sinyati _____ Dat _____